



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PÈSPEKTIV EVALYASYON KREDI MTA KE S&P  
AMELYORE**

*Evalyasyon amelyore rive nan A- ak yon pèspektiv evalyasyon ranfòse pou pozitif  
la sou baz gwo ogmantasyon nan revni taks eta a dedye*

*Amelyorasyon evalyasyon S&P a swiv amelyorasyon pespektiv evalyasyon kredi  
Moody's la*

*Premye fwa depi plis pase 20 ane Otorite a te prevwa yon bidjè ekilibre pou senk  
ane youn apre lòt*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te resevwa yon pèspektiv evalyasyon kredi ranfòse nan men Standard & Poor's Global Ratings, ki te amelyore evalyasyon Obligasyon sou Revni Transpò MTA a soti nan "BBB+" rive nan "A-" ak pèspektiv evalyasyon an soti nan "estab" rive nan "pozitif". S&P te fè kòmantè ke l ap fè mizajou a sou baz yon konbinezon kantite pasaje yo amelyore ak ogmantasyon fleksibilite finansye ak estabilite opere ki soti nan sipò federal, ak yon ogmantasyon siyifikatif nan sipò taks Eta Gouvènè Hochul te garanti nan dènye Bidjè Eta a, ki te pèmèt MTA prevwa senk ane bidjè ekilibre pou premye fwa nan istwa li Nouvèl sa a swiv yon pespektiv evalyasyon amelyore pa Moody's Investors Service, ki [te anonse deja](#) madi 19 septanm lan.

"MTA se yon resous enpòtan pou plizyè milyon Nouyòkè, epi se poutèt sa mwen te goumen anpil pou m sove yo anba falèz fiskal evidan an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman bidjè nou te fè ane sa a pral rann transpò pi bon pou pasaje yo atravè rejyon an, epi mwen kontan wè S&P rekonèt investisman sa yo atravè pèspektiv evalyasyon amelyore a ak evalyasyon obligasyon amelyore a".

Pespektiv pozitif la montre ke gen omwen yon chans sou twa pou evalyasyon an ka ogmante pandan peryòd dezan pespektiv la si MTA kapab satisfè oswa depase atant akoutèm yo. Amelyorasyon evalyasyon an prevwa ranfòse konfyans investisè yo nan MTA epi li kapab mennen nan to enterè ki redui ke MTA peye sou bon pwogram kapital alavni yo te emèt lè l sèvi avèk Kredi Revni Transpò.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Gen yon rezon ki fè Wall Street eksprime konfyans nan kondisyon finansye MTA a: lidèchip solid Gouvènè Hochul demontre nan Bidjè 2023 Eta New York la. Pandan ke ajans transpò piblik yo nan tout peyi a ap lite ak kriz finansye k ap vini yo, MTA gen senk ane bidjè ekilibre epi li ap ajoute, olye ke li retire nan sèvis pou Nouyòk yo."

**Direktè Finansye MTA a, Kevin Willens, te deklare,** "Nou kontan dèske amelyorasyon S&P jodi a rekonèt estabilite finansye amelyore MTA a, ki gen ladan senk ane bidjè ekilibre yo prevwa, sipò Eta ak Vil ki demontre ak revni renouvlab, ak rekiperasyon pasaje solid ki an akò avèk pwojeksyon plan finansye nou an."

An jiyè, MTA te pibliye plan finansye senkan li a ki prevwa yon bidjè ekilibre jiska 2027, premye fwa nan plis pase 20 ane Otorite a prevwa yon bidjè ekilibre pou senk ane youn apre lòt.

Yon sibvansyon inik Eta 300 milyon dola, nouvo sous finansman revni dedye pou ede konpanse revni pri tikè ki pi ba yo, ki gen ladan yon ogmantasyon nan Taks sou Mobilite Salè, yon ogmantasyon nan finansman Vil la pou transpò adapte ak lòt taks dedye nan bidjè Eta New York pou ane fiskal 2024 la, te ranfòse pwofil finansye MTA, ansanm ak yon ti ogmantasyon nan pri tikè ak peyaj.

An menm tan, rekiperasyon nan transpò pasaje MTA aprè COVID la kontinye twouve li nan mitan entèval McKinsey te prevwa an jiyè 2022, kote transpò pasaje chak jou kounye a regilyèman depase de tyè nan nivo anvan COVID oswa 6.5 milyon vwayaj chak jou.

Pèspektiv sou evalyasyon kredi Obligasyon Revni Transpò MTA, ki te jwenn sipò yon seri revni divèsifye ki gen ladan pri tikè yo ak peyaj kliyan MTA yo peye ak seri revni Eta a, reflete pèfòmans bidjè fonksyonman an epi li se yon bawomèt sante finansye jeneral MTA.

Anvan pandemi COVID-19 la, kredi a te evalye kòm A avèk yon pèspektiv negatif. Nan mwa mas 2020, yo te desann evalyasyon kredi a nan A-, ak an jiyè 2020 nan BBB + ak yon pèspektiv negatif. Nan dat 8 mas 2021, S&P te rekonèt pake finansman federal pou sekou covid yo te disponib pou MTA ak ajans transpò piblik yo atravè peyi a epi li te revize pèspektiv obligasyon yo pou yo vin estab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)